

**NINGKATAKEN KATRAMPILAN NYERAT KARANGAN NARASI
KANTHI METODHE PETA PIKIRAN**
(Panaliten Tindakan Kelas Tumrap Siswa Kelas VII D
SMP Negeri 2 Sapuran Kabupaten Wonosobo
Semester II Tahun Pelajaran 2015/2016)

TESIS

**Kangge Hanjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajat Magister
Program Studi Pendidikan Bahasa**



Kaanggit dening:

Slamet Suroso

NIM 15PSCO1697

**PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN
2017**

PASARUJUKAN
NINGKATAKEN KATRAMPILAN NYERAT KARANGAN NARASI
KANTHI METODHE PETA PIKIRAN
(Panaliten Tindakan Kelas Tumrap Siswa Kelas VII D
SMP Negeri 2 Sapuran Kabupaten Wonosobo
Semester II Tahun Pelajaran 2015/2016)

Kaanggit dening:

Slamet Suroso

NIM : 15PSCO1697

Sampun Pikantuk Pasarujukan dening Pamong :

	Tapak Asta	Tanggal
Pamong I		11/2.17
Dr. H. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum. NIP. 19600412 198901 1 001

Pamong II

Dr. Hersulastuti, M.Hum.
NIP. 19650421 198703 2 002

Kauningan



PANGESAHAAN

NINGKATAKEN KATRAMPILAN NYERAT KARANGAN NARASI
KANTHI METODHE PETA PIKIRAN
(Panaliten Tindakan Kelas Tumrap Siswa Kelas VII D
SMP Negeri 2 Sapuran Kabupaten Wonosobo
Semester II Tahun Pelajaran 2015/2016)

Kaanggit dening:

Slamet Suroso


NIM : 15PSCO1697


Sampun dipunsarujuki lan dipunsahaken dening Tim Pangaji :

Jabatan	Asma	Tapak Asta	Tanggal
---------	------	------------	---------

Pangarsa	Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd. NIK. 690 115 345	
----------	---	--	-------

Panitra	Dr. Hj. Esti Ismawati, M.Pd. NIP. 19611018 198803 2 001		11/2/17
---------	--	---	---------

Pangaji I	Dr. H. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum. NIP. 19600412 198901 1 001		11/2/2017
-----------	--	---	-----------

Pangaji II	Dr. Hersulastuti, M.Hum. NIP. 19650421 198703 2 002		11/2/2017
------------	--	---	-----------

Kauningan

Ketua Program Studi



Dr. H. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum
NIP. 19600412 198901 1 001



Direktur Program Pascasarjana
Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd.
NIK. 690 115 345

MOTTO

“Luwih Becik Mlangkah Sajangkah Tinimbang mandheg bae”

Lebih baik melangkah maju sedikit dari pada diam di tempat.

(Anonim)

“Gampang bisane amarga dikulinakake”

Menjadi mudah karena dibiasakan

(M.A. Sudi Yatmana)

“Ing Ngarsa Sung Tuladha Ing Madya Mangun Karsa Tut Wuri Handayani”

Ketika memimpin memberi contoh, ketika bekerja bersungguh-sungguh,

dan ketika di belakang memberi penguatan

(Ki Hajar Dewantara)

PRATELA

Ingkang tapak asta ing ngandhap punika, kuļa:

NAMA : Slamet Suroso

NIM : 15PSCO1697

Jurusan/Program Studi: Pendidikan Bahasa

Program : Pascasarjana

mratelakken kanthi sayektosipun bilih tesis ingkang irah-irahanipun:

Judul : NINGKATAKEN KATRAMPILAN NYERAT
KARANGAN NARASI KANTHI METODHE PETA
PIKIRAN (Panaliten Tindakan Kelas Tumrap Siswa Kelas
VII D SMP Negeri 2 Sapuran Kabupaten Wonosobo
Semester II Tahun Pelajaran 2015/2016)

punika seratan kula piyambak. Prakawis ingkang sanes asiling karya kula ing salebetung *tesis* punika dipunsukani tandha *sitasi* lan dipuntedahaken ing salebetung kapustakan.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten bilih pratela kula punika mboten leres, kula sagah nampi *sanksi akademik* inggih punika batalipun gelar Magister Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten.

Klaten, Januari 2017

Ingkang Damel Pratela



PISUNGSUNG

Tesis punika kula pisungsungaken dhumateng :

Bapak ibu kula

Bapak Sadino (alm.) lan Ibu Suyati (alm.)

ingkang tansah paring donga pangestu

Semah kula

Ida Herawati

Anak-anak kula

Diksi Pradipta,

Frasa Sucahya

lan

Nosi Anggana

ingkang tansah asung donga,

panyengkuyung

lan

panjurung.

ATUR PANGLANTAR

Puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Gusti Allah Pangeran ingkang Mahakuwaos, awit saking lubering sih kanugrahan ingkang agung satemah panaliti saget nyekapaken tesis ingkang arupi Panaliten Tindakan Kelas kanthi irah-irahan “Ningkataken Katrampilan Nyerat Karangan Narasi Kanthi Metodhe Peta Pikiran (Panaliten Tindakan Kelas Tumrap Siswa Kelas VII D SMP Negeri 2 Sapuran Kabupaten Wonosobo Semester II Tahun Pelajaran 2015/2016)”.

Laporan panaliten punika karakit minangka satunggiling syarat kange nggayuh drajat Magister Pendidikan Program Studi Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.

Ing kalodhangan punika amargi tesis punika sampun cekap, panganggit ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan dhumateng:

1. Prof. Dr. H. Triyono, M.Pd. Rektor Universitas Widya Dharma (Unwidha) Klaten ingkang sampun paring fasilitas.
2. Prof. Dr. Herman Joseph Waluyo, M.Pd. Direktur Program Pascasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten, ingkang sampun ngeparengaken panganggit nindakaken panaliten.
3. Dr. H. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum. Ketua Program Studi Magister Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten, saha minangka dosen pamomong I ingkang sampun paring pangarah dalah panuntun ugi panjurung salebetipun nyekapaken panganggiting tesis punika.

4. Dr. Hersulastuti, M. Hum, minangka dosen pamomong II, ingkang sampun nuntun kanthi sabar lan tlatos.
5. Agus Harjanto, SPd. M.Pd. Kepala SMP Negeri 2 Sapuran, Kabupaten Wonosobo, ingkang sampun paring idi palilah panaliti ngawontenaken panaliten ing sekolah ingkang dipunpangarsani.
Panaliti sampun mbudidaya murih sampurnaning tesis punika, ewa semanten panaliti jejer titah sawantah boten uwat saking kekirangan. Ingkang punika panyaruwe saking para kadang pamaos tansah panaliti antu-antu.

Klaten, Januari 2017

Panaliti

DHAFTAR ISI

PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAAN	iii
MOTTO	iv
PRATELA	v
PISUNGSUNG	vi
ATUR PANGLANTAR	vii
DHAFTAR ISI	ix
DHAFTAR GAMBAR	xii
DHAFTAR DIAGRAM	xiii
DHAFTAR TABEL	xiv
DHAFTAR LAMPIRAN	xv
SARI PATHI	xvii
ABSTRAK	xviii
<i>ABSTRACT</i>	xix
BAB I PURWAKA	1
A. Lelarahing Prakawis	1
B. Idhentitasing Prakawis	7
C. Rumusaning Prakawis	8
D. Ancasing Panaliten	8
E. Mumpangating Panaliten	8

BAB II	LAMBARANING TEORI, RAGANGANING PAMIKIR	
	SAHA PENGUJIAN HIPOTESIS	10
A.	Lambaraning Teori.....	10
1.	Wosing Nyerat	10
2.	Mumpangating Nyerat	12
3.	Jenis-jenis Karangan	14
4.	Ancasipun Nyerat.....	16
5.	Titikanipun Nyerat ingkang sae	17
6.	Langkah-langkah Nyerat Karangan.....	18
7.	Definisi Narasi	18
8.	Jenis-Jenis Karangan Narasi	20
9.	Metode Peta Pikiran	22
10.	Langkah-Langkah Damel Peta Pikiran	27
B.	Panaliten Ingkang Gayut	28
C.	Raganganing Pamikir.....	32
D.	Hipotesis Tindakan.....	33
BAB III	METODOLOGI PANALITEN	34
A.	Wujud saha Strategining Panaliten	34
B.	Subjek, Papan Panggenan saha Wekdal Panaliten.....	38
C.	Prosedur Panaliten	39
D.	Teknik lan Piranti Ngempalaken Dhata	43
E.	Validitas Dhata.....	47
F.	Teknik Analisis Dhata.....	48

G. Indikator Asil PTK	52
BAB IV ASILIPUN DHATA SAHA PANGONCEKIPUN	53
A. Pikantukipun Dhata.....	53
1. Deskripsi Kondisi Awal	53
2. Deskripsi Saben Siklus.....	61
a. Deskripsi Siklus I	61
b. Deskripsi Siklus II	69
B. Pangonceking Dhata	77
C. Asiling Panaliten	112
BAB V PANUTUP	115
A. Dudutan	115
B. Implikasi	116
C. Iguh Pratikel	121
KAPUSTAKAN.....	122
LAMPIRAN-LAMPIRAN	125

DHAFTAR GAMBAR

	Halaman
2.1 Tuladha Peta Pikiran	26
2.2 Skema Cengkorongan Panaliten.....	32
4.1 Kawontenan Pamucalan ing Prasiklus	55
4.2 Aktivitas Diskusi	65
4.3 Guru Paring Katrangan Ngengingi Peta Pikiran	66
4.4 Siswa Saweg Nyerat Karangan Narasi	68
4.5 Guru Nerangaken Langkah-Langkah Damel Peta Pikiran	74
4.6 Siswa Saweg Nggambar Peta Pikiran	74
4.7 Siswa Saweg Ndandosi (Ngedit) Karangan	76

DHAFTAR DIAGRAM

Halaman

4.1	Asil Katrampilan Nyerat Karangan Narasi Prasiklus.....	59
4.2	Asil Katrampilan Nyerat Karangan Narasi Siklus I	83
4.3	Asil Katrampilan Nyerat Karangan Narasi Siklus II	100
4.4	Ketuntasan Sinau Antar Siklus	107
4.5	Persentase Keaktifan Siswa	112

DHAFTAR TABEL

	Halaman
3.1 Skor Penilaian Tes Menulis Narasi	44
3.2 Aspek Penilaian Tentang Menulis Narasi	44
3.3 Rentang Biji.....	49
3.4 Kreteria Ketuntasan Belajar.....	50
4.1 Asil Tes Nyerat Karangan Narasi Prasiklus	58
4.2 Asil Nyerat Karangan Narasi Siklus I.....	82
4.3 Pikantukipun Skor Aspek Ejaan Siklus I.....	84
4.4 Pikantukipun Skor Aspek Pamilihing Tembung Siklus I	85
4.5 Pikantukipun Skor Aspek Penyusunan Ukara Siklus I	86
4.6 Pikantukipun Skor Aspek Penyusunan Paragraf Siklus I	87
4.7 Pikantukipun Skor Aspek Rangkaian Peristiwa Siklus I	88
4.8 Asil Tes Nyerat Karangan Narasi Siklus II	99
4.9 Pikantukipun Skor Aspek Ejaan Siklus II	101
4.10 Pikantukipun Skor Aspek Pamilihing Tembung Siklus II	102
4.11 Pikantukipun Skor Aspek Penyusunan Ukara Siklus II	103
4.12 Pikantukipun Skor Aspek Penyusunan Paragraf Siklus II	104
4.13 Pikantukipun Skor Aspek Rangkaian Peristiwa Siklus II	105
4.14 Katrampilan Nyerat Karangan Narasi Siswa Antar Siklus	106
4.15 Indhak-indhakan Biji Saben Aspek Katrampilan.....	107
4.16 Aktivitas Guru Antar Siklus.....	108
4.17 Keaktifan Siswa Antar Siklus.....	110

DHAFTAR LAMPIRAN

Lampiran 1	Permohonan Ijin Penelitian.....	125
Lampiran 2	Surat Balasan Permohonan Ijin Penelitian	126
Lampiran 3	Surat Keterangan Melakukan Penelitian	127
Lampiran 4	Hasil Perolehan Nilai Prasiklus	128
Lampiran 5	Silabus Pembelajaran Bahasa Jawa Kelas VII SMP	129
Lampiran 6	RPP Siklus I	131
Lampiran 7	Instrumen Nyerat Karangan Narasi Siklus I	138
Lampiran 8	Daftar Hadir Siswa Siklus I	139
Lampiran 9	Hasil Karya Siswa (Peta Pikiran dan Karangan Narasi)	140
Lampiran 10	Hasil Perolehan Nilai Nyerat Karangan Narasi Siklus I	146
Lampiran 11	Instrumen Wawancara Kaliyan Siswa Siklus I	147
Lampiran 12	Asiling Wawancara Kaliyan Siswa Siklus I	149
Lampiran 13	Lembar Observasi Aktivitas Siswa Siklus I.....	151
Lampiran 14	Lembar Observasi Aktivitas Guru Siklus I.....	153
Lampiran 15	Catatan Lapangan Saking Siswa ing Siklus I	156
Lampiran 16	Catatan Lapangan Saking Guru ing Siklus I	157
Lampiran 17	Jurnal Siswa ing Siklus I.....	158
Lampiran 18	Jurnal Guru ing Siklus I.....	159
Lampiran 19	Format Angket Siklus I.....	160
Lampiran 20	Rekapitulasi Hasil Angket Siklus I	161

Lampiran 21	Foto Papan Panggenan Panaliten	162
Lampiran 22	Foto-foto Aktivitas Pembelajaran Siklus I	163
Lampiran 23	RPP Siklus II	166
Lampiran 24	Instrumen Nyerat Karangan Narasi Siklus II.....	173
Lampiran 25	Daftar Hadir Siswa Siklus II	174
Lampiran 26	Hasil Karya Siswa (Peta Pikiran dan Karangan Narasi)	175
Lampiran 27	Hasil Perolehan Nilai Nyerat Karangan Narasi Siklus II	181
Lampiran 28	Instrumen Wawancara Kaliyan Siswa Siklus II.....	182
Lampiran 29	Asiling Wawancara Kaliyan Siswa Siklus II	184
Lampiran 30	Lembar Observasi Aktivitas Siswa Siklus II	186
Lampiran 31	Lembar Observasi Aktivitas Guru Siklus II	188
Lampiran 32	Catatan Lapangan Saking Siswa ing Siklus II	191
Lampiran 33	Catatan Lapangan Saking Guru ing Siklus II	192
Lampiran 34	Jurnal Siswa ing Siklus II.....	193
Lampiran 35	Jurnal Guru ing Siklus II.....	194
Lampiran 36	Format Angket Siklus II.....	195
Lampiran 37	Rekapitulasi Hasil Angket Siklus II	196
Lampiran 38	Foto-foto Aktivitas Pembelajaran Siklus II	197

SARI PATHI

Slamet Suroso, 15PSC01697. "Ningkataken Katrampilan Nyerat Karangan Narasi Kanthi Metodhe Peta Pikiran (Panaliten Tindakan Kelas Tumrap Siswa Kelas VII D SMP Negeri 2 Sapuran Kabupaten Wonosobo Semester II Tahun Pelajaran 2015/2016)", Tesis. Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten. 2017

Ancasipun panaliten tindakan kelas punika inggih punika; (1) ningkataken kualitas pasinaon nyerat karangan narasi kanthi ngetrapaken metodhe peta pikiran, (2) ningkataken katrampilan nyerat karangan narasi kanthi ngetrapaken metodhe peta pikiran.

Panaliten punika arupi panaliten tindakan kelas (PTK) inggih punika satunggilipun panaliten kolaboratif kaliyan pihak sanes kangege nuwuhaken pasinaon ingkang langkung sae. Panggenan panaliten punika ing kelas VII D SMP Negeri 2 Sapuran Wonosobo, ingkang dipunlampahi ing salebetipun kalih siklus. Saben siklus dumados saking sekawan tahap, inggih punika (1) tahap perencanaan tindakan, (2) tahap pelaksanaan tindakan, (3) tahap observasi lan interpretasi, lan (4) tahap analisis lan refleksi. Prakawis ing salebetipun pasinaon dangu-dangu saget dipunatasni kanthi ngetrapaken metodhe peta pikiran. katrampilan siswa ing salebetipun nyerat karangan narasi ningkat. Rata-rata biji ing prasiklus 59, kanthi tingkat ketuntasan klasikal 4,34%. Ing siklus I, biji rata-rata tes inggih punika 69,2 kanthi ketuntasan klasikal nggayuh 21,74%. Ing siklus II, biji rata-rata nggayuh 81 kanthi ketuntasan klasikal nggayuh 78,26%.

Adedhasar tindakan ingkang dipunlampahi, saget dipundamel dudutan bilih (1) pangetrapan metodhe peta pikiran saget kangege ningkataken kualitas proses pasinaon katrampilan nyerat karangan narasi. (2) pangetrapan metodhe peta pikiran saget ningkataken katrampilan nyerat karangan narasi ing siswa kelas VII D SMP Negeri 2 Sapuran Wonosobo, inggih punika minimal 75% siswa pikantuk biji 77 utawi langkung minangka batas tuntas.

Kata kunci: Nyerat, Karangan narasi, Peta pikiran.

ABSTRAK

Slamet Suroso, 15PSC01697. "Meningkatkan Keterampilan Menulis Karangan Narasi Dengan Metode Peta Pikiran (Penelitian Tindakan Kelas Pada Siswa Kelas VII D SMP Negeri 2 Sapuran Kabupaten Wonosobo Semester II Tahun Pelajaran 2015/2016)", Tesis. Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten. 2017.

Tujuan penelitian tindakan kelas ini adalah; (1) meningkatkan kualitas proses pembelajaran menulis karangan narasi dengan menerapkan metode peta pikiran, (2) meningkatkan kemampuan menulis karangan narasi dengan menerapkan metode peta pikiran.

Penelitian ini merupakan penelitian tindakan kelas (PTK) yaitu sebuah penelitian kolaboratif dengan pihak lain untuk menciptakan pembelajaran yang lebih baik. Lokasi penelitian ini di kelas VII D SMP Negeri 2 Sapuran Wonosobo, yang dilaksanakan dalam dua siklus. Setiap siklus terdiri atas empat tahap, yaitu: (1) tahap perencanaan tindakan, (2) tahap pelaksanaan tindakan, (3) tahap observasi dan interpretasi, dan (4) tahap analisis dan refleksi. Permasalahan dalam pembelajaran berangsur-angsur dapat diatasi dengan penerapan metode peta pikiran. Kemampuan siswa dalam menulis karangan narasi meningkat. Rata-rata nilai pada prasiklus 59, dengan tingkat ketuntasan klasikal 4,34%. Pada siklus I, nilai rata-rata tes adalah 69,2 dengan ketuntasan klasikal mencapai 21,74%. Pada siklus II, nilai rata-rata mencapai 81 dengan ketuntasan klasikal mencapai 78,26%.

Berdasarkan tindakan yang dilakukan, dapat disimpulkan bahwa (1) penerapan metode peta pikiran dapat untuk meningkatkan kualitas proses pembelajaran kemampuan menulis karangan narasi. (2) Penerapan metode peta pikiran dapat meningkatkan kemampuan menulis karangan narasi pada siswa kelas VII D SMP Negeri 2 Sapuran Wonosobo, yaitu minimal 75% siswa memperoleh nilai 77 atau lebih sebagai batas tuntas.

Kata kunci: Menulis, Karangan narasi, Peta pikiran.

ABSTRACT

Slamet Suroso, 15PSCO1697. "Increasing Narrative writing skill through Mind Mapping Method (Class Action Research for Students VII D Junior High School Negeri 2 Sapuran Wonosobo Semester II Tahun Pelajaran 2015/2016)". Thesis. The Language Education of Graduate Programme. Widya Dharma University, Klaten. 2017

The aims of the class action research are: (1) improve the expressions of the learning process writing with applying the method of mind mapping, (2) showing method of mind mapping can improve the ability to write narrative.

This is a class action research that is collaborative research, cooperating with another teacher to create a better learning proses. The location of this research was in the VII D Junior High School Negeri 2 Sapuran Wonosobo which was done in two cycles, four steps for each cycle, those are: (1) planning, (2) acting, (3) observing and interpreting, (4) analyzing and reflexing. The problem in learning process could be solved by an applying of mind mapping method. Student skills in increasing narrative writing. The average of the score in pre-cycle was 59, with classical mastery 4,34%. In 1 st cycle, the average of the test score was 69,2 with classical mastery reached up to 21,74%. In 2 nd cycle, the average of the test score reached 81 with classical mastery reached up to 78,26%.

Based on the action conducted, it can be concluded as follows: (1) the implementation of mind mapping method can increase the quality of writing learning process. (2) the implementation of mind method can increase the writing skill of grade VII D students of Junior High School Negeri 2 Sapuran Wonosobo, that is the minimum of 75% students reach 77 as the minimum criteria.

Keywords: Writing, Narrative, Mind mapping.

BAB I

PURWAKA

A. Lelarahaning Prakawis

Mumpangat basa inggih punika minangka alat komunikasi. Komunikasi saget lumantar basa lesan lan tulis. Katrampilan komunikasi lumantar basa tulis minangka kabetahan saben tiyang kangge nyengkuyung ing salebetipun kemajengan donya punika, mliginipun kanthi mekaripun teknologi komunikasi. Babagan punika cocok kaliyan pemanggihipun Tarigan (1993: 4) ingkang ngandharaken bilih wonten ing pagesangan modern punika cetha bilih katrampilan nyerat dipunbetahaken sanget. Katrampilan nyerat punika dados titikanipun saking priyantun ingkang kagolong priyayi luhur. Pramila saking punika, Slamet (2008: 95) mratelakaken bilih asil botenipun siswa salebetipun pamucalan ing sekolah dipuntemtokaken sanget saking katrampilan anggenipun nyerat. Awit saking punika, pamucalan nyerat nggadhahi kalenggahan ingkang sae sanget ing salebetipun pamucalan. Katrampilan nyerat kedah dipunkuwaosi dening lare wiwit wiwitanipun tumapak ing pagesanganipun.

Nyerat (ngarang) inggih punika sedaya rangkaian kagiyatan priyantun kangge medharaken wohing pamikiripun lumantar basa tulis kangge dipunwaos lan dipunmangertosi dening tiyang sanes. Wohing pikiran punika saget arupi pengalaman, pamanggih, pangertosan, pepinginan, perasaan ngantos gregetipun tiyang. Ide-ide kasebat dipunwedharaken lan dipunaturaken kanthi basa tulis, inggih punika basa ingkang boten ngginakaken piranti swanten lan pamireng

ananing migunakaken tandha lan lambang-lambang ingkang kedah dipunwaos (Gie, 2002: 9).

Adhedhasar pangertosan ing nginggil saget dipundamel dudutan bilih nyerat inggih punika satunggiling kagiyatan ngaturaken pesen kanthi migunakaken basa tulis minangka piranti utawi medianipun. Rikala nyerat wonten sekawan unsur ingkang kasangkut: Panulis minangka panutur, pesan utawi isi tulisan, media, lan pamaos minangka panampi atur.

Satunggiling asil katrampilan nyerat inggih punika katrampilan nyerat wacana narasi (Keraf, 1995: 135). Wacana narasi kaperang dados 2 kategori inggih punika, wacana narasi ekspositoris lan sugestif. Narasi ekspositoris nggadhahi tujuan nggugah pikiran pamaos supados mangertosi punapa ingkang dipuncariosaken. Sasaran utaminipun inggih punika nalar, inggih punika arupi pamekaran pangertosan para pamaos sasampunipun maos carios kasebat. Minangka wujud narasi, narasi ekspositoris ngaturaken ngengingi kadadosan, rangkaian-rangkaian kagiyatan para pamaos utawi pamireng. Kados dene narasi ekspositoris, narasi sugestif ugi sesambutan kaliyan tindakan utawi tingkah polah ingkang dipunponce salebetipun satunggiling kadadosan utawi prastawa ananging tujuan utawi sasaran utaminipun sanes miyaraken pangertosan tetiyang ananging mbudidaya atur teges saking prastawa utawi kadadosan. Narasi sugestif tansah nglibataken daya khayal (Keraf, 1982: 136).

Kurikulum basa Jawi kangge SMP ing Provinsi Jawa Tengah ingkang kababar ing taun 2010 mliginipun ing piwucalan kelas VII semester kalih wonten

standar kompetensi ingkang mratelakaken *Peserta didik mampu mengungkapkan pikiran, gagasan, pendapat, dan perasaan dalam berbagai jenis karangan menggunakan ragam bahasa Jawa sesuai unggah-ungguh dan menulis paragraf sederhana berhuruf Jawa lan kompetensi dasar Menulis karangan tertentu.* Pramila nyerat karangan prelu sanget dipunwucalaken dhumateng siswa.

Mucalaken katrampilan nyerat, kalebet nyerat karangan narasi, prelu kawigatosan ingkang saestu wiwit tataran pasinaon ingkang dhasar piyambak, Amargi katrampilan nyerat boten langsung saget kanthi otomatis. Sadaya ingkang kepingin trampil nyerat mbetahaken pasinaon sarta gladhen ingkang lumintu. Minangka aspek katrampilan basa, katrampilan nyerat karangan narasi saget dipungadhahi dening tiyang-tiyang ingkang tansah sregep lan mempeng gladhen nyerat. Kanthi mucalaken nyerat karangan narasi badhe ngasah lan nglatih kapinteranipun lare.

Ngemuti wigatosipun gladhen nyerat, mliginipun nyerat karangan narasi lan kanthi tujuan ningkataken katrampilan nyerat narasi kasebat, siswa prelu dipungladhi kanthi ngulintenakaken ngembangaken katrampilan nyerat. Pelatihan nyerat nuntut peran ingkang radi ageng saking guru basa. Ananging, kathah-kathahipun guru basa dereng ngrumaosi wigatosipun pembinaan pelatihan nyerat kalebet nyerat narasi pramila kathah siswa nggadhahi katrampilan nyerat ingkang andhap (rendah). Limrahipun guru basa langkung condhong mucalaken teori-teorinipun ingkang sok-sok boten dipunremeni dening siswa. Kathah-kathahipun siswa, kanthi langsung ningali tuladha lan asring mraktikaken satunggiling katrampilan badhe langkung efektif katandhingaken kaliyan namung

dipunparangi teori kemawon. Prakawis kasebat ugi dipunalami dening siswa-siswa ing SMP Negeri 2 Sapuran Kabupaten Wonosobo mliginipun kelas VII D.

Adhedhasar asil dhumateng proses pamucalan ing kelas VII D SMP Negeri 2 Sapuran, panyerat manggihaken prakawis-prakawis ingkang njalari taksih wonten kiranging katrampilan siswa anggenipun nyerat karangan narasi. Satunggiling prakawis ingkang njalari inggih punika wonten gadheng cenengipun kaliyan strategi pamucalan ingkang dipuncakaken dening guru.

Ingkang sampun-sampun, strategi ingkang dipuncakaken guru wonten ing salebetipun miscal materi nyerat karangan tansah monoton, kirang greget amargi namung ngginakaken metodhe ceramah. Lajeng guru langsung maringi tugas kangge ngarang. Babagan punika ndadosaken siswa bosen lan kirang mahami cara nyerat karangan narasi ingkang sae.

Wontenipun panduga bilih katrampilan nyerat karangan narasi siswa kelas VII D SMP Negeri 2 Sapuran Wonosobo taksih kirang (*masih rendah*). Siswa nemahi kendala anggenipun ngrembakakaken gagasan kangge nyerat narasi. Babagan punika dipunsebabaken amargi strategi pasinaon ingkang dipuncakaken dening guru kirang mathuk. Katrampilan siswa kelas VII D SMP Negeri 2 Sapuran Kabupaten Wonosobo ing katrampilan nyerat satunggiling karangan ugi kirang sanget. Dhata pungkasna siswa salebetipun tes nyerat karangan kanthi basa Jawi ingkang andhap inggih punika 44, Wondene biji ingkang inggil piyambak inggih punika 80 kanthi skor maksimal 100. Kewuhan ingkang dipunadhepi siswa salebetipun nyerat satunggiling karangan inggih punika sesambutan kaliyan panganggenipun struktur lan pangembangan ide. Panganggenipun struktur

ingkang dipunmaksud inggih punika nyakup aspek ukara lan tembung. Wondene pangembangan ide nyakup aspek panyusunan ukara lan panyusunan paragraf. Guru mata pelajaran basa Jawi ing SMP Negeri 2 Sapuran Kabupaten Wonosobo asring manggihi ukara-ukara ingkang boten nyambung ing salebetipun pakaryan siswa pramila boten saget dipunpahami utawi boten nyambung. Taksih kawuwuhan malih kanthi sekedhikipun panguwaosing tetembungan (*kosa kata*), *tanda baca* lan ejaan ingkang dipunkuwaosi dening siswa.

Siswa ing salebetipun pasinaon nyerat kirang remen. Babagan punika katingal saking asiling tes nyerat ingkang andhap. Kirangipun minat siswa amargi saking kawontenan sakupengipun siswa ingkang boten nyengkuyung budaya nyerat. Siswa kathah-kathahipun saking kulawarga buruh tani ingkang gesangipun wonten dhusun kanthi sosial ekonomi ingkang andhap. Kawontenanipun papan panggenanipun SMP Negeri 2 Sapuran wonten ing dhusun ingkang tebih saking kitha. Siswa-siswanipun ingkang katampi ing SMP Negeri 2 Sapuran boten mawi seleksi, asal lulus lanjeng dipuntampi. Siswa-siwanipun kathah ingkang boten sami nglajenganken ing sekolah ingkang langkung inggil. Sanesipun punika, wekdal ingkang dipunsamaktakaken wonten ing pamucalan nyerat kangge gladhen nyerat kirang, amargi materi ngengingi nyerat karangan ing mata pelajaran basa Jawi winates. Babagan punika nyebabaken siswa nyerat namung kangge netepi wajib tugas mata pelajaran basa Jawi. Kamangka nyerat minangka kagiyatan ingkang produktif lan ekspresif. Katrampilan nyerat boten ujug-ujug saget lan trampil, ananging kedah kanthi asring gladhen utawi praktik lan lumintu (*berkesinambungan*).

Panganggenipun ejaan, kasalarasan isi karangan, pangembangan topik, koherensi, lan ugi diksi dereng pikantuk kawigatosan ingkang mligi saking siswa. Babagan punika saget dipunmangertosi saking anggenipun ngetrapaken ejaan ingkang dereng trep, penguasaan kosa kata taksih kirang lan anggenipun ngrakit ukara kirang efektif.

Adhedhasar prakawis ingkang wonten ing pamucalan nyerat karangan ing kelas VII D SMP Negeri 2 Sapuran Kabupaten Wonosobo, ndadosaken panaliten ngenggingi peningkatan katrampilan nyerat karangan narasi prelu dipunwontenaken. Alesan kapilihipun kelas kasebat inggih punika jalaran kelas kasebat ingkang kathah piyambak prakawis-prakawisipun ngenggingi katrampilan nyerat narasi. Guru prelu ngupaya mucalaken katrampilan nyerat narasi kanthi efisien, efektif lan narik kawigatosan. Supados pamucalanipun narik kawigatosan guru prelu ngecakaken metodhe peta pikiran.

Kaunggulanipun peta pikiran dipunwedharaken dening Edward (2009: 64) inggih punika 1) proses damelipun ngremenaken amargi boten namung mentingaken uteg kiwa kemawon, 2) sifatipun ingkang unik pramila gampil dipun emut-emut sarta narik kawigaten netra lan uteg, 3) topik utama materi pamucalan dipuntemtokaken kanthi cetha.

Alesan panaliti ngetrapaken modhel pamucalan peta pikiran kangge ningkataken katrampilan nyerat karangan narasi amargi kanthi warni lan gambar siswa badhe langkung katarik kangge damel gagasan lan ngembangaken wonten ing cabang-cabang. Kanthi makaten lare badhe langkung gampil nyuntak gagasanipun wonten ing wujud seratan.

Adhedhasar lelarahaning prakawis ing nginggil, panaliti lajeng nglaksanakaken panaliten tindakan kelas kanthi judul “Ningkataken Katrampilan Nyerat Karangan Narasi Kanthi Metodhe Peta Pikiran (Panaliten Tindakan Kelas Tumrap Siswa Kelas VII D SMP Negeri 2 Sapuran Kabupaten Wonosobo Semester II Tahun Pelajaran 2015/2016)”.

B. Identifikasi Prakawis

Adhedhasar lelarahaning prakawis saget dipuntingali saking prakawisipun ingkang ngandharaken sakathahing prakawis kados ingkang sampun kababar ing nginggil panci namung badhe muspra, awit saking punika prakawis ingkang dipunandharaken ing nginggil prelu dipunjlentrehaken saha dipuntandhesaken kanthi cara dipuntintingi. Kanthi dhasar lelarahing prakawis ingkang sampun dipunaturaken ing nginggil saget dipuntintingi prakawis ingkang wonten gandheng-cenengipun kaliyan pasinaon nyerat karangan narasi kados ing ngandhap punika:

- a. Guru dereng saestu-estu nglampahaken proses pasinaon kanthi sae.
- b. Guru taksih kirang mahami kurikulum
- c. Siswa kirang remen, kirang aktif lan kirang paham anggenipun nampi piwucalan.
- d. Siswa tasih kirang trampil salebetipun nyerat karangan narasi.
- e. Prestasi utawi asilipun sinau siswa ing salebetipun nyerat karangan narasi kirang, ingkang dipunwujudaken ing biji nyerat karangan narasi.

C. Rumusaning Prakawis

Adhedhasar lelarahaning prakawis kasebat pramila rumusaning prakawis ing paneliten punika inggih punika:

1. Punapa kanthi metodhe peta pikiran saget ningkataken kualitas proses pamucalan nyerat karangan narasi siswa ing Kelas VII D SMP Negeri 2 Sapuran Kabupaten Wonosobo?
2. Punapa kanthi metodhe peta pikiran saget ningkataken katrampilan nyerat karangan narasi ing siswa kelas VII D SMP Negeri 2 Sapuran Kabupaten Wonosobo?

D. Ancasing Paneliten

Adhedhasar rumusaning prakawis ing nginggil, tujuan paneliten punika inggih punika:

1. Mangertosi paningkatan kualitas proses pamucalan nyerat karangan narasi sasampunipun ngginakaken metodhe peta pikiran ing siswa Kelas VII D SMP Negeri 2 Sapuran Kabupaten Wonosobo.
2. Mangertosi paningkatan katrampilan nyerat karangan narasi sasampunipun ngginakaken metodhe peta pikiran ing siswa Kelas VII D SMP Negeri 2 Sapuran Kabupaten Wonosobo.

E. Mumpangating Paneliten

Mumpangat ingkang saget kapethik saking paneliten punika inggih punika:

1. Mumpangat Teoretis

- a. Saget dipundadosaken sumber informasi lan nambah wawasan langkung-langkung sesambutan kaliyan pangetrapanipun metodhe peta pikiran ing pamucalan nyerat karangan narasi.
 - b. Dados ancer-ancer kangge panaliten salajengipun duka punika kange panaliti piyambak utawi kange panaliti sanesipun.
2. Mumpangat Praktis

` Tumrap guru mata pelajaran Basa Jawi, dipunsuwun panaliten punika mangkenipun saget dados ancer-ancer ing pamucalan nyerat karangan narasi.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adedhasar rumusaning prakawis lan pangoncekipun dhata ing saklebetipun panaliten, saget dipundamel dudutan:

1. Pangetrapan metodhe peta pikiran saget ningkataken kualitas proses pamucalan ngengingi katrampilan nyerat karangan narasi. Ing saben siklusipun, keaktifan, minat lan motivasi, sarta nggatosaken lan konsentrasi siswa ing salebetipun pamucalan ningkat. Ing siklus I, persentase keaktifan siswa 59,50 (cukup sae). Ing siklus II, persentase keaktifan siswa nggayuh 98,00 (sae sanget). Kejawi saking punika, pangetrapan metodhe peta pikiran saget ndadosaken guru langkung wasis *mengelola* kelas.
2. Pangetrapan metodhe peta pikiran saget ningkataken katrampilan siswa kelas VII D SMP Negeri 2 Sapuran Wonosobo ing salebetipun nyerat karangan narasi. Ningkatipun katrampilan siswa ing salebetipun nyerat karangan narasi saget dipunpriksani saking biji rata-rata lan ketuntasan klasikal saben siklusipun. Ing siklus I, biji rata-rata klasipun inggih punika 69,2 kanthi ketuntasan klasikal nggayuh 21,74%. Ing siklus II, biji rata-rata kelas ningkat dados 81 kanthi ketuntasan klasikal nggayuh 78,26%. Kanthi punika ateges langkung saking 75% siswa sampun nggayuh biji ketuntasan.

B. Implikasi

Panaliten punika mbuktekaken bilih kualitas proses pasinaon lan asil pamucalan nyerat karangan narasi saget ningkat sasampunipun dipuntrapaken metodhe peta pikiran. Pramila metodhe peta pikiran punika saget dipunginakaken minangka bahan nglelimbang (*acuan*) tumrap guru basa ingkang kepingin ngetrapaken metodhe kasebat. Kajawi saking punika, tumrap guru basa Jawi metodhe peta pikiran punika saget dipunginakaken minangka metodhe alternatif ingkang ngremenaken ing salebetipun pamucalan nyerat karangan.

Metodhe peta pikiran punika ngremenaken tumraping siswa amargi metodhe peta pikiran punika nggadhahi kaunggulan-kaunggulan. Kaunggulanipun metodhe pasinaon peta pikiran inggih punika: topik utama materi pasinaon dipuntemtokaken kanthi cetha, saget makarya sareng kaliyan kanca sanesipun, cathetan langkung mentes lan cetha, langkung gampil madosi catetan rikala dipunbetahaken, cathetan langkung munjer, gampil ningali bleger gambaranipun, mbantu otak kangge ngeling-eling, lan damel hubungan, nggampilaken nambah informasi enggal, anggenipun ndandosi saget langkung cepet, lan saben peta asipat unik saengga gampil dipunemut-emut.

Pamucalan nyerat karangan narasi ingkang ngginakaken metodhe peta pikiran kedah wonten lembar observasi kagiyatan guru lan lembar observasi kagiyatan siswa ingkang dipunrancang kanthi sae kangge ngukur kaaktifan guru lan kakatifan siswa. Kanthi punika sageha nuwuhaken pamucalan ingkang interaktif lan efektif supados saget nggayuh ancasing pasinaon.

Saking asiling observasi kagiyatan siswa rikala dipuntrapaken metodhe peta pikiran ing pamucalan nyerat, kabukten kualitas proses pasinaon ningkat dados langkung sae. Siswa lajeng nggatosaken penjelasan guru, siswa aktif lan semangat rikala proses pasinaon, siswa pitaken dumateng penjelasan guru, siswa dodos sae anggenipun mangsuli pitakenan guru, siswa purun ngaturaken pamanggihipun wonten ing kelompok, siswa aktif nggarap tugas, lan siswa damel cathetan ringkes.

Wondene saking asiling observasi kagiyatan guru, kawistara wontenipun peningkatan ing ketrampilan guru ing salebetipun ngatur kelas sasampunipun dipuncakaken metodhe peta pikiran ing pamucalan. Guru nyamaktakaken materi lan alat pamucalan kanthi efektif, guru njinglensi sedaya kawontenan kelas, guru maringaken materi kanthi cetha, guru nerangaken tugas kanthi gamblang, guru mbantu siswa ingkang benget anggenipun mahami tugas, guru ngetingalaken katrampilan taken, guru ngginakaken alat bantu ing pamucalan, guru sesambutan lan tansah komunikasi kaliyan siswanipun, lan guru mameraken asil karya siswa ing kelas.

Pangetrapan metodhe peta pikiran saget ningkataken katrampilan siswa ing salebetipun nyerat karangan narasi. Kanthi metodhe punika, siswa ndamel cengkorongan saderengipun nyerat karangan. Siswa nyerat punapa kemawon ingkang wonten ing angen-angenipun ingkang dipunwujudaken kanthi gambar lan simbol-simbol warni. Gambar lan warni punika ingkang ngaktifaken otak kanan pramila nuwuhaken angen-angen lan kreativitas. Salajengipun gambar lan simbol

ingkang sampun dipunserat dipunpetakaken selaras kaliyan urut-urutaning prastawa.

Pramila saking punika miscalaken katrampilan nyerat, kalebet nyerat karangan narasi, prelu kawigatosan ingkang saestu wiwit tataran pasinaon ingkang dasar piyambak, amargi katrampilan nyerat boten langsung saget kanthi otomatis. Sadaya ingkang kepingin trampil nyerat mbetahaken proses pasinaon sarta gladhen ingkang teratur. Minangka aspek katrampilan basa, katrampilan nyerat karangan narasi saget dipungadhahi dening tiyang-tiyang ingkang tansah remen lan tumemen gladhen nyerat. Kanthi miscalaken nyerat karangan narasi badhe nglatih kapinteranipun lare.

Gladhen nyerat perlu sanget kange ningkataken katrampilan nyerat siswa. Ngemuti wigatosipun pelatihan nyerat, mliginipun nyerat karangan narasi lan kanthi tujuan ningkataken katrampilan nyerat karangan narasi kasebat, siswa prelu dipunlatih kanthi ngulinakaken ngembangaken katrampilan nyerat. Pelatihan nyerat nuntut peran ingkang radi ageng saking guru basa. Ananging, kathah-kathahipun guru basa dereng ngrumaosi wigatosipun pembinaan pelatihan nyerat kalebet nyerat narasi pramila kathah siswa nggadhahi katrampilan nyerat ingkang andhap (rendah). Limrahipun guru basa langkung condhong miscalaken teori-teorinipun ingkang sok-sok boten dipunremeni dening siswa. Kathah-kathahipun siswa, kanthi langsung ningali tuladha lan asring mraktikaken satunggiling katrampilan badhe langkung efektif katandhingaken kaliyan namung dipunparangi teori kemawon.

Nyerat utawi ngarang punika minangka katrampilan sesambutan kaliyan tiyang sanes lumantar basa tulis ingkang nggadhahi mumpangat kadosta: srana kangge unjuk dhiri, srana kangge ngembangaken kamareman utawi raos mongkog, srana kangge ningkataken nalar, srana kangge nglibataken dhiri kanthi semangat ingkang makantar-kantar lan srana kangge ngembangaken mahami basa.

Kangge damel karangan narasi ingkang sae, saboten-botenipun panyerat kedah nyekapi syarat-syarat punika: saget nyusun kerangka karangan sesuai kaliyan topik, saget nyerat karangan kanthi ejaan ingkang leres, saget nyerat karangan kanthi pilihan tembung ingkang tepat, saget nyerat karangan kanthi ngangge ukara ingkang efektif, saget nyerat karangan kanthi paragraf ingkang nggayut, lan saget nyerat karangan kanthi ngurutaken urut-urutaning prastawa secara runtut.

Satunggilipun upaya kangge ningkataken katrampilan nyerat karangan narasi inggih punika kanthi ngantos metodhe konvensional ingkang asring dipunginakaken dening guru rikala pamucalan nyerat karangan ngangge metodhe peta pikiran. Peta pikiran punika satunggilipun cara metakaken satunggiling informasi ingkang dipungambaraken wonten ing wujud cabang-cabang pikiran kanthi maneka warna imajinasi kreatif. Imajinasi kreatif kasebat dipuntunjukaken kanthi wontenipun gambar lan warna ingkang dipunginakaken ing peta pikiran.

Saderengipun damel peta pikiran dipunperlokaken bahan-bahan, inggih punika kertas kosong tanpa garis, pena lan pensil warna. Langkah-langkah damel peta pikiran: dipunwiwiti saking perangan tengah kertas kosong ingkang sisi panjangipun dipuseleh ndatar (landscape), ngginakaken gambar utawi foto

supados sentral, ngginakaken warna ingkang ngremenaken, cabang-cabang utama dipunhubungaken dhateng gambar pusat lan cabang-cabang tingkat kalih lan tingkat tiga dhateng tingkat satunggal lan kalih, lan salajengipun. Damel garis hubung ingkang mlengkung, boten garis lurus. Ngginakaken satunggal kata kunci kangge saben garis lan ngginakaken gambar.

Supados pasinaon saget asil kanthi sae, guru perlu makarya kanthi terprogram. Pramila guru kedah damel rencana pelaksanaan pembelajaran (RPP) langkung rumiyin saderengipun nglaksanakaken pamucalan. Wonten ing RPP ngemot langkah-langkah ingkang dipunlampahi guru, saha wujud-wujud kagiyatan ingkang dipunlampahi siswa salebetipun nindakaken tindakan. Nyiapaken piranti lan sarana pendukung ingkang dipunperlokaken ing kelas, kadosta gambar-gambar lan alat peraga. Guru ugi kedah nyamaktakaken teknik tes lan instrumen tes kangge ngukur tingkat keberhasilan sinau siswa. Wondene alat tes nyerat karangan narasi arupi lembar tugas ingkang isinipun printah dhumateng siswa supados nyerat karangan narasi.

C. Iguh Pratikel

Sesambutan kaliyan dudutan sarta implikasi panaliten ing nginggil, panaliti saget ngaturaken iguh pratikel:

1. Tumrap Kepala Sekolah

Kangge ningkataken kualitas pamucalan, kompetensi guru prelu dipuntingkataken. Kompetensi kasebat mangaribawani dhateng kinerja guru ing salebetipun pamucalan ing kelas. Pramila, kepala sekolah dipun prayogekaken supados njurung guru kangge ningkataken Katrampilanipun, kadosta kanthi

nglampahi panaliten tindakan kelas lan ndherekaken guru ing forum-forum ilmiah kados dene seminar pendidikan, diklat, lan sanes-sanesipun. Kajawi punika, kepala sekolah prelu njurung lan nyengkuyung guru supados langkung miyaraken wawasan ngengingi metodhe-metodhe pamucalan ingkang kreatif lan inovatif lan ndukung guru supados ngetrapaken metodhe-metodhe kasebat ing salebetipun pamucalan.

2. Tumrap Guru basa Jawi

Guru dipunprayogekaken supados ningkataken katrampilanipun, kadosta kanthi nglampahi panaliten lan ndherek forum-forum ilmiah. Kejawi punika, guru prayoginipun miyaraken wawasan ngengingi metodhe-metodhe ingkang kreatif lan inovatif sarta ngetrapaken ing salebetipun pamucalan. Pangecakanipun metodhe pamucalan prelu migatosaken karemenan sarta greget siswa. Metodhe peta pikiran punika saget dipuntrapaken mliginipun ing pamucalan nyerat karangan narasi.

KAPUSTAKAN

- Afandi M. 2011. *Cara Efektif Menulis Karya Ilmiah. Seting Penelitian Tindakan Kelas Pendidikan dasar dan Umum.* Bandung: Alfabeta.
- Ahmadi, Mukhsin. 1990. *Strategi Belajar Mengajar Berbahasa dan Apresiasi Sastra.* Malang: YA3.
- Akhadiyah, Sabarti. 1988. *Evaluasi dalam Pengajaran Bahasa.* Jakarta: Depdikbud.
- Aqib, Zaenal. 2014. *Modhel-model, Media, dan Strategi Pembelajaran Kontekstual (inovatif).* Bandung: Yrama Widya.
- Arikunto, Suharsimi. 2002. *Dasar-dasar Evaluasi Pendidikan.* Edisi Revisi. Jakarta: Bumi Angkasa.
- Basrowi, dkk. 2008. *Manajemen Penelitian Tindakan Kelas.* Jakarta: Insan Cendekia.
- Budd, JW. 2004. *Mind Maps As Classroom Exercises.* Cornell University Press.
- Burns, Anne. 2010. *Doing Action Research in English Language Teaching (A Guide for Practitioners).* New York and London: Routledge.
- Buzan, Tony. 2012. *Buku Pintar Mind Map.* Jakarta: CV Prima Grafika.
- Dalman. 2015. *Keterampilan Menulis.* Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Depdiknas. 2002. *Kamus Besar Bahasa Indonesia.* Edisi ke tiga. Jakarta: Balai Pustaka.
- De Porter, Bobby. 2003. *Quantum Teaching.* Bandung: Kaifa.
- Edward, Caroline. 2009. *Mind Mapping Untuk Anak Sehat dan Cerdas.* Yogyakarta: Sakti.
- Gie, The Liang. 2002. *Terampil Mengarang.* Yogyakarta: ANDI
- Hamruni. 2011. *Strategi Pembelajaran.* Yogyakarta: Insan Madani.
- Jamaludin. 2003. *Problematika Pembelajaran Bahasa dan Sastra.* Yogyakarta: Adicita.
- Karsana, Ano. 1986. *Keterampilan Menulis.* Jakarta: Karunianika.
- Keraf, Gorys. 1982. *Argumentasi dan Narasi.* Jakarta: Gramedia Widiarsana.

- Keraf, Gorys. 2007. *Argumentasi dan Narasi*. Jakarta: PT. Gramedia.
- Kurikulum Mata Pelajaran Muatan Lokal (Bahasa Jawa) untuk SD/SDLB/MI, SMP/SMPLB/ MTs Negeri dan Swasta Provinsi Jawa Tengah. 2010. Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Tengah.
- Lado, Robert. 1979. *Language Teaching: a Scientific Approach*. New Delhi: Bombay, Tata, Mc. Groe Hill.
- Marahimin, Ismail. 2010. *Menulis Secara Populer*. Jakarta: PT. Dunia Pustaks Jaya.
- McNiff, Jean. 1992. *ActionResearch: Principles and Practice*. London: Routledge.
- Mulyana. 2009. *Praktik Penelitian Tindakan Kelas*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Nursisto. 2000. *Penuntun Mengarang*. Jakarta: adicita Karya Nusa.
- Oshima, Alice dan Ann Hogue. 2006. *Writing Academic English*. New York: Pearson Education.
- Parera, Josh Daniel. 1993. *Menulis Tertib dan Sistematik*: Edisi kedua. Jakarta: Erlangga.
- Rosalin, Elin. 2008. *Bagaimana Menjadi Guru Inpiratif?*. Bandung: PT Karsa Mandiri Persada.
- Santana K., Septian. 2007. *Menulis Itu Ibarat Ngomong*. Bandung: Penerbit Kaum Pustaka.
- Sardiman. 2011. *Interaksi dan Motivasi Belajar Mengajar*. Jakarta: Rajawali Press.
- Slamet, Stefanus Y. 2008. *Dasar-dasar Keterampilan Berbahasa Indonesia*. Surakarta: UNS Press.
- Sofwan. 2007. *Aruming Basa Jawi 2*. Solo: PT Tiga Serangkai Pustaka Mandiri.
- Sujanto, J. Ch. 1988. *Keterampilan berbahasa Membaca Menulis Berbicara untuk Mata Kuliah Dasar Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Depdikbud.
- Sudijono, Anas. 2006. *Pengantar Evaluasi Pendidikan*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Suparno dan Mohamad Yunus. 2004. *Keterampilan Menulis*. Jakarta: Pusat Penerbitan Universitas Terbuka.

- Suyatno. 2004. *Teknik Pembelajaran Bahasa dan Sastra*. Surabaya: SIC.
- Sumantri, Mulyani. 1999. *Strategi Belajar Mengajar*. Bandung: Maulana.
- Tarigan, Henry Guntur. 2008. *Menulis Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa Bandung.
- Tim PLPG Unnes. 2011. *Pendidikan dan Latihan Profesi Guru (PLPG) Sertifikasi Guru dalam Jabatan*. Semarang: Unnes.
- Wiyanto, Asul. 2004. *Terampil Menulis Paragraf*. Jakarta: Gramedia Widiasarana Indonesia.
- Wycoff, Joyce. 2003. *Menjadi Super Kreatif melalui Metode Pemetaan Pikiran*. Bandung: Kaifa.